# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता



# रुतः एगो परेम कहानी


लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Janie Forest

अनुवादकः सुरेश मसीह

अनुकूलित: Lyn Doerksen


कहानी 16 से 60


**www.M1914.org**

***Bible for Children***, *PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada*



अनुज्ञापत्रः आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।


Bhojpuri

यदि आप अपनी महान भव्य माई - बाप, उनकर माई – बाप अउर आपकी परिवार में आप से पहिले जन्मल सब लोग एक संगे अइहन तब आप केतना आश्चर्यचकित होइब अउर जानब भी की उ कवना तरह क लोग रहलें। बाइबिल में, 'यीशु की मानवीय पूर्वजन में से रूत एगो रहली; जे एगो मोआबिन - मूर्तिपूजक रहली।





1

शिमशोन की समय की बाद इस्राएल में रुत क कहानी शुरू भइल, जब प्रभु क लोग परमेश्वर पर भरोसा अउर उनकी आज्ञा क पालन कइल बन कर दिहलें। देश में एगो भयानक आकाल पड़ल। आप आकाल की बारे में का जानत बानी?
हँअ ई सही हअ! एगो आकाल क मतलब ई हअ की कवनो तरह क फल या फसल पैदा ना होखल, अउर कभी कभी तअ एसे जानवर तथा लोग भूखन मरे लागेलें।





2


एगो आदमी, एलीमेलेक, खाना की तलाश में उनकर मेहरारू दूगो लइकन की संगे बेतलेहेम से निकललन अउर उ  मोआब देश के गोइलन; जहाँ लोग मूर्तिन क पूजा करत रहलें।
3


मोआब में एलीमेलेक अउर उनकरी परिवार की खातिर हालात ठीक ना रहल।
किल्योन
एलीमेलेक
महलोन
उ मर; गोइलन अउर उनकरी बाद दूनों लइकन क भी निधन हो गइल।
4


खाली उनकर मेहरारू, नाओमी, 'दूनों लइकन क मेहरारू,
किल्योन
एलीमेलेक
महलोन
रूत अउर ओर्पा की संगे बचल रहली। दूनों लइकी मोआब की रहे वाली रहलीं।
5


अब विधवा नाओमी ई सुनली की यहोवा अपनी प्रजा क दौरा कइले बाने अउर उ रोटी दे रहल बाने। उ अब अपनी मातृभूमि लौटला क फैसला कइली। लेकिन उ दूनो लइकियन के का करिहन?
6


नाओमी उ लोग के सलाह दिहली कि अब तूं दूनों जानी मोआब में ही रहिहअ अउर आपन दूसर शादी कर ली हअ जा।
7


ओर्पा वापस अपनी परिवार की पास चल गोइली। लेकिन रुत मना कर दिहली। एकरी बजाय, रुत अपनी सास की  खातिर एगो सुंदर कविता कहली जे में वादा रहल, कि उ अपनी सास के कबो भी ना छोड़िहन।
8


नाओमी क पुरान मित्र बेहद खुश रहलन कि उ वापस बेतलेहेम, अपनी घरे लवट अइली। लेकिन उ कहली कि हमके अब नाओमी (सुखद) ना परन्तु "मारा" (कड़वा) नाम से बोलावअ जा।
9
"काँहे से कि सर्वशक्तिमान हमरी संगे बहुत ही कड़वाहट की संगे ब्यवहार कइले बाड़न।" नाओमी अपनी संगे रुत की अलावा अउर कुछ लेके ना लवटल रहली।
10
हालांकि रुत मोआब में ज्यादातर लोगन की तरह मूर्तिन क पूजा कइले रहली, पर उ सबकुछ छोड़ के अब इस्राएल की जीवित परमेश्वर क पूजा करे लगली। रुत कठिन परिश्रम कइली ताकि नाओमी के भरपूर खाना मिल सके। हर दिन उ खेतन में कटनी करे वालन की पीछे अनाज के बीने जाईल करत रहली।
11
बोअज, खेत क मालिक सुनलन की रुत अपनी सास क बहुत बढ़ियाँ से खीयाल रखैली। जब उ ओसे मिललन, बोअज ई सब जनला की बाद, कटनी करे वालन के आदेश दिहलन कि मुट्ठी भर बालन के पीछे छोड़ दिहल करअ जा, जे से ओ के मदद मिल सके। बोअज रुत के पसंद करे लगलन।
12
जब रुत बोअज अउर उनकर दयालुता की बारे में नाओमी के बतवली, तब बुजुर्ग महिला परमेश्वर क प्रशंसा कअइली। "उ आदमी हमार एगो रिश्तेदार, हमरी नजदीकी भाइन में से एगो हउवन।"
13
समय बीतला पर, बोअज रुत से शादी कइल, नाओमी अउर उनकरी परिवार की जमीन क देख भाल भी कइल चाहत रहलन। लेकिन एगो दूसर नजदीकी रिश्तेदार के पहिला मौका मिले के रहे।
14





उ आदमी जमीन त चाहत रहे -
लेकिन रुत के आपन मेहरारू की
रूप में ना चाहत रहे। कानून की
अनुसार उ एगो के पावल अउर
दूसरा के छोड़ ना सकत रहलन।

15

ओ जमाना में लोग सौदा तय करे खातिर हाथ ना मिलावत
रहलन। बोअज अपनी जूती के निकललन अउर सार्वजनिक
रूप से दूसरा आदमी के दे दिहलन। सउदा क निपटारा
हो गोइल। रुत अब उनकर मेहरारू बन जइहें।
अब उ अउर नाओमी बोअज की
'परिवार क हिस्सा रहलीं।



16



बोअज अउर रुत
अपनी पहिला बेटा
के ओबेद नाम से
पुकरलें। उ दाऊद,
इस्राएल के महान
राजा का दादा
रहलन।

17

लेकिन एसे भी ज्यादा आशीषित बात ई हअ कि, ई लइका ओबेद
प्रभु यीशु मसीह क पूर्वज भी हउवन। प्रभु यीशु मसीह रजवन क
राजा अउर दुनिया क उद्धारकर्ता होखे की खातिर दाऊद की
वंशजन की माध्यम से अइलें।




18

रुतः एगो परेम कहानी

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

रुत

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

**ईश्वर जानेलन कि हमनी के बुरा करम कइले बानी जा जेकरा के उ पाप कहेलन । पाप के दण्ड मौत ह।**

**ईश्वर हमनी के एतना प्यार करेलन कि उ आपना एक मात्र बेटा यीशु के धरती पर भेजलन कि उ क्रूस पर मर जास आ हमनी के पाप के दण्ड अपने चुकावसु । यीशु जीगइलन आ परलोक गइलन । अब ईश्वर हमनी के पाप क्षमा कर सकेलन ।**

**यदि रउआ भी अपना पाप से दूर होखल चाहतानी ईश्वर से इ बात कही : हे प्रियवर यीशु हम विश्वास करीना कि यीशु हमनी खातीर मर गइलन  आ अब जीवित बाडन । मेहरबानी करके रउअ ा हमरा जीवन मे आ जाईं अउर हमरा पाप के क्षमा दीही ताकि हमरा के नया जीवन मिल सको । अउर हम हमेशा रउरा संगे रह सकी । हमरा के रउआ मदद करी कि हम राउर बच्चा के तरह रउरा खातीर जी सकी आमीन ।**

**हमनी के बाइबिल पढीजा आ रोज दिन ईश्वर से बात करीजा !**